# Арал теңизиниң түби тоғайзарлыққа айлантырылмақта

Бүгинги күнде Аралбойы регионында жасаўшы халықтың турмыс дәрежесин жәнеде жақсылаў, аймақты социал-экономикалық раўажландырыў бойынша қабыл етилген пәрман ҳәм қарарлар тийкарында кең көлемли жумыслар әмелге асырылмақта.

Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2018-жыл 15-16 ноябрь күнлери Қарақалпақстан Республикасына сапары даўамында берилген тапсырмаларына муўапық аймақта экологиялық жағдайды жақсылаў ҳәм Аралбойы аймағының турақлы раўажланыўын тәмийинлеў бойынша жергиликли атқарыў ҳәкимшилигине Министрлер Кеңеси Баслығының биринши орынбасары ҳәмде арқа аймақлардағы 5 район ҳәкимлигине Экология ҳәм Аралбойы аймағын раўажландырыў мәселелери бойынша биринши орынбасары лаўазымы енгизилди.

Image not found or type unknown

Ҳүрметли Президентимиз 2017-жыл сентябрь айында БМШ Бас ассамблеясының 72-сессиясында шығып сөйлеп, Арал теңизиниң қурып қалыўы ақыбетлерин жумсартыўда халықаралық ҳәрекетлерди жедел түрде бирлестириўге шақырды ҳәм Президентимиздиң басламасы менен Бирлескен Миллетлер Шөлкеми қәўендерлигинде Аралбойы аймағы ушын Инсан қәўипсизлиги бойынша көп тәреплеме шериклик тийкарында Траст фонды шөлкемлестирилди.

Өткен қысқа ўақыт ишинде Траст фондына донор мәмлекетлер тәрепинен жәми 11,3 млн. доллар қаржы өткерип берилди.

Бүгинги күнде Траст фондына келип түскен қаржылар есабынан жәми 3.1

млн.доллар муғдарындағы еки жойбар баслап жиберилди. Атап айтқанда, 1,4 млн.доллар муғдарындағы Аралбойы аймағында инсан қәўипсизлиги машқалаларын шешиў бағдарында аўыллық аймақларды раўажландырыў ҳәм 1,7 млн. долларлық әззи аналар ҳәм жаңа туўылған балаларға перинатал жәрдемлер көрсетиўдиң сапасын жақсылаў мақсетинде алып барылып атырған жойбарлар.

Image not found or type unknown

Президентимиздиң баламасы менен Арал теңизиниң қурып қалған ултанынан көтерилип атырған дуз ҳәм қумлардың зыянын азайтыў мақсетинде «Жасыл қапламалар» - қорғаў тоғайзарларын пайда етиў мақсетинде 2019-жылда 461 мың гектар майданға сексеўил, қандым, жыңғыл ҳәм басқада өсимликлердиң туқымлары ҳәм нәллери егилди. Сондай-ақ, 2020-жыл даўамында 706 мың 401 гектар майданға сексеўил, жыңғыл ҳәм қарабарақ өсимликлериниң туқымлары менен нәллери егилди. Соныда айрықша атап өтиў керек, жайлаў азықлық өсимликлерин егиўгеде айрықша итибар қаратылмақта.

Министрлер Кеңесиниң Мәлимлеме хызмети